

# Ou konnen kò ou pi byen

Si ou santi yon bagay ki sanble anòmal  
oswa ki enkyete ou, pa iyore li.



## Aprann siy avètisman ijan yo ak fason pou pale avèk founisè swen sante ou

### Pandan Gwosès

Si ou ansent, li enpòtan pou pote atansyon ak kò ou epi pou ou pale avèk founisè swen sante ou sou nenpòt bagay ou santi ki pa mache byen. Si ou santi nenpòt nan siy avètisman ijan pou manman yo, al chèche swen medikal touswit.

### Konsèy:

- Pote gid kòmansman konvèrsasyon sa a ak nenpòt kesyon anplis ou vle poze founisè swen ou.
- Asire ou di l ou ansent oswa ou te ansent sa gen mwens ke yon ane.
- Di doktè a oswa enfimye/enfimyè a ki medikaman w ap pran aktyèlman oswa ou te pran dènyèman.
- Pran nòt epi poze plis kesyon sou nenpòt bagay ou pa te konprann.

Aprann plis sou Kanpay Koute Li CDC a nan [www.cdc.gov/HearHer](http://www.cdc.gov/HearHer)



----- Detache pano sa a epi sèvi ak gid sa a pou ede ou kòmanse konvèrsasyon an: -----

### Siy Avètisman Ijan kay Manman yo

*Si ou santi nenpòt nan siy avètisman sa yo,  
al chèche swen medikal touswit.*

- Maltèt grav ki pa vle pase oswa ki vin pi mal ofiramezi
- Vètij oswa endispozisyon
- Panse pou fè tèt ou mal oswa tibebe ou an
- Chanjman nan vizyon ou
- Lafyèv 100.4° F oswa pi wo
- Anflamasyon estrèm nan men ou oswa nan figi ou
- Pwoblèm pou respire
- Doulè nan pwatrin oswa batman kè rapid
- Kèplen grav ak vomisman (pa tankou kèplen gwosès lematen)
- Doulè grav nan vant ki pa vle pase
- Mouvman tibebe a k ap sispann oswa k ap ralanti pandan gwosès la
- Senyen nan vajen oswa likid k ap koule pandan gwosès la
- Gwo senyen nan vajen oswa likid k ap koule ki gen move sant apre gwosès la
- Anflamasyon, woujè oswa doulè nan janm ou
- Fatig akablan

Bi lis sa a se pa pou kouvari tout sentòm ou ta ka genyen. Si ou gen enpresyon yon bagay annik pa bon, pale avèk founisè swen sante ou

### Apre Gwosès

Menmsi nouvo tibebe ou an bezwen anpil atansyon ak swen, li enpòtan tou pou rete konsyan de pwòp kò ou epi pou ou pran swen tèt ou. Li nòmal pou ou santi ou fatige ak pou ou gen enpe doulè, sitou nan premye kèk semèn yo apre ou fin fè yon tibebe, men gen kèk sentòm ki ta ka siy pwoblèm ki pi grav.

### Sèvi Ak Gid Sa A pou Ede Kòmanse Konvèrsasyon an:

- Mèsi poutèt ou wè m.  
Mwen ansent/mwen te ansent dènyèman. Dat dènye peryòd mwen/akouchman mwen te \_\_\_\_\_ epi mwen gen enkyetid grav pou sante m ke m ta renmen pale sou yo avèk ou.
- Mwen te gen \_\_\_\_\_ (sentòm) ki sanble tankou \_\_\_\_\_ (dekri an detay) epi ki te dire \_\_\_\_\_ (kantite èdtan/jou)
- Mwen konnen kò m, epi sa pa sanble nòmal.

### Egzanp kesyon pou poze:

- Kisa sentòm sa yo ta ka siyifi?
- Èske gen yon tès mwen ka fè pou ekate yon pwoblèm grav?
- Nan ki moman m ta dwe konsidere ale nan sèvis dijans oswa rele 911?

*Nòt:*